

Fòm Aplikasyon pou Pwogram Asistans



Dijans pou Lwaye 2.4 (ERAP 2.4) Konte Miami-Dade

Pwogram Asistans lijan pou Lwaye 2.4 (ERAP 2.4) bay asistans lwaye ijans, pou sèvis piblik posib ak lòt asistans estabilizasyon lwaye nan Miami-Dade County ki gen difikilte finansye akòz Kriz COVID-19 la.

Nou prevwa nesosite pou asistans la va depase fon ki disponib yo anpil. Pou sa, nou elabore yon pwosesis aplikasyon ki va garanti nou trete tout aplikasyon yo san patipri. Si w deja vin pran epi ranpli yon aplikasyon sou papyè, ou dwe vin depoze aplikasyon tou ranpli an nan youn nan de lokal nou idantifye nan Kesyon Yo Poze Souvan yo (FAQs). Ou kapab vin chèche fòm aplikasyon yo depi a 9:00 a.m. rive a 5:00 p.m. **lendi a vandredi apati 1 oktòb 2021, eksepte Jou Ferye.**

Ou kapab fè aplikasyon nan sou entènèt tou. Nou rekòmande seryezman pou kandida yo fè aplikasyon sou entènèt olye pou yo sèvi avèk aplikasyon sou papyè sa a. Pami pwoblèm posib yo avèk aplikasyon sou papyè yo, gen aplikasyon ki ka pèdi, oswa kandida a diskalifye pou ekriti nou pa kapab li. Pwosesis sou entènèt la va kòmanse a 9:00 a.m. **1 oktòb 2021.**

Aplikasyon yo pral revize sou yon premye vini, premye sèvi baz.

Pandan menm peryòd mèt kay yo ka refere ka yo lè yo kontakte LandlordsERAP@miamidade.gov oswa rele 786-688- 2440, e nou ankouraje yo fè sa. Yon fwa resevwa yonou va kontakte pwopriyetè kay la ak lokatè a sou pwochen etap yo.

Montan Asistans pou Lwaye a

Montan asistans pou lwaye w ap resevwa a va selon montan lwaye ki pa peye a. Asistans pou lwaye a ap baze sou pi piti pri lwaye mansyèl la oswa jiska \$3,000 chak mwa.

Fanmi ki kalifye yo ka resevwa jiska dizwit (18) mwa asistans.

Kondisyon Kalifikasyon

Pou kalifye pou patisipe nan ERAP 2.4 la kandida yo dwe respekte kondisyon ki annapre yo:

- Ou dwe rete nan Konte Miami-Dade. Rezidan ki abite nan Vil Hialeah dwe aplike dirèkteman ak Vil Hialeah pou asistans pou lokasyon. Vil Hialeah te resevwa finansman apa ki soti nan men Gouvènman Ameriken an pou pwogram asistans pou lwaye a.
- Ou pa kapab peye tout kob lwaye a oswa lòt depans kay lan, pandan oswa akòz yon difikilte finansye COVID-19 koze.
- Revni anyèl aktyèl fanmi nan kay ou pa dwe depase 140% revni anyèl medyàn (AMI) pou Konte Miami-Dade nan moman aplikasyon an, ak preferans yo bay moun ki touche mwens pase 50% AMI anyèl la. Sa yo se kondisyon ki etabli pa gouvènman federal la anba Lwa Apwopriasyon Konsolide pou Ane Fiskal Federal 2021 ak Lwa Plan Sekou Ameriken adopte nan mwa mas 2021.

Miami-Dade County ERAP 2.4 Aplikasyon

Kategori Limit sou Revni yo pou 2022

Kantite Moun nan Kay la	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni pa Ane a 140% AMI	\$95,620	\$109,200	\$122,920	\$136,500	\$147,420	\$158,340	\$169,260	\$180,180
Revni pa Ane a 80% AMI	\$54,600	\$62,400	\$70,200	\$78,000	\$84,250	\$90,500	\$96,750	\$103,000
Revni pa Ane a 50% AMI	\$34,150	\$39,000	\$43,900	\$48,750	\$52,650	\$56,550	\$60,450	\$64,350

- Ou dwe sètifye ke ou pa resevwa asistans gouvènman ki peye pou TOUT pri lwaye ou. (egzanp: Pwogram Voucher Chwa Lojman (Seksyon 8), VASH, FUP, Endikap, Seksyon 8 ki baze sou pwojè, HOME-TBRA, Kontinye Swen, Lojman Piblik).
- Yon kay ki kalifye ki okipe yon pwopriyete rezidansyèl sibvansyone federalman oswa pwopriyete mixte oswa ki resevwa asistans lokasyon federal ka resevwa asistans depi lajan yo pa aplike nan depans ki te oswa ki pral ranbouse anba nenpòt lòt asistans federal.
- Si ou patisipe nan yon pwogram lokasyon HUD-asistans oswa ap viv nan sèten pwopriyete asistans federal (egzanp, lè l sèvi avèk yon Voucher Lojman Chwa, Lojman Piblik, oswa Asistans lokasyon ki baze sou pwojè) ak lwaye lokatè a ajiste selon chanjman nan revni, kay la ka resevwa asistans pou pòsyon lokatè ki dwe nan lwaye oswa sèvis piblik ki pa sibvansyone.
- Si ou menm oswa yon manm fanmi imedyat (mari oswa madanm, patnè domestik, paran yo, bòpè yo, timoun yo, bofis yo) ap travay kounye a nan Konte Miami-Dade, oswa ou se yon nonmen oswa eli Ofisyèl Konte, ou oblije soumèt yon mande pou yon opinyon bay Komisyon Etik Konte Miami-Dade sou patisipasyon ou nan pwogram sa a.

Dokiman Lokatè a: Gen yon jesyonè ki va kontakte w e li va konseye w sou fason pou w depoze dokimantasyon sa a:

- Prèw ke yo te finansyèman afekte pandan oswa pa COVID-19 (egzanp, lèt revokasyon, demann endanmnite chomaj, elatriye)
- Kontra lwaye ou genyen kounye a oswa paj nan kontra lwaye ou genyen kounye a ki montre adrès kay la, montan lwaye a, dire lwaye a oswa si lwaye a sou kondisyon mwa pa mwa, ak siyati ou ak sa mèl kay la.
- Idantifikasyon pou chak manm nan kay la (sa ki vle di: lisans chofè, paspò, batistè, faktikat kredi, relve labank, elatriye. Dosye enskripsyon lekòl akseptab pou timoun minè yo.
- Prèw revni aktyèl pou tout moun ki rete nan kay la (paregzanp, dènje souch chèkyo, lèt revokasyon, lèt endanmnite chomaj, elatriye)
- Si sa aplikab, enfòmasyon dapui pou plis mwa asistans (gran liv mèl kote w rete a ki montre montan lwaye ou dwe kounye a, bòdwo lwaye, oswa avi sou lwaye ou dwe ki montre balans lwaye ou dwe a, elatriye).

- Yon fòm (afidavi) Konte a pral bay ke tout granmoun nan fanmi an dwe siyen ki sètifye enfòmasyon ki nan demann sibvansyon an vre dapre sa nou konnen epi nou pa gen lòt asistans deja (jan sa dekri pi wo a). Afidavi a sèvi tou kòm otorizasyon pou bay enfòmasyon, jwenn enfòmasyon, epi pou fè w konnen ke sòf pou enfòmasyon pèsònèl, gen pati nan demann sibvansyon an ki sijè a lwa sou divilgasyon dosye piblik Eta Florida a.
- Yon dokiman etik ki ateste si ou menm oswa yon manm fanmi imedyat ou ap travay kounye a nan Miami-Dade County oswa ou se yon nonmen oswa eli Ofisyèl Konte.
- Si ou gen difikilte pou jwenn enfòmasyon, anplwaye yo ap ede ou nan jwenn lot jan pou satisfè kondisyon pwogram lan.

Dokimantasyon Pwopriyetè a/Mèt Kay la: Gen yon jesyonè ki va kontakte pwopriyetè/mèt kay ou a sou fason pou li depoze dokimantasyon sa a

- Fòm W9 mèt kay la
- Yon akò ke Konte a pral bay pwopriyetè yo aksepte asistans lokasyon ki gen sèten kondisyon pwogram lan.
- Yon dokiman etik ki ateste si pwopriyetè kay la oswa yon manm fanmi imedyat pwopriyetè kay la ap travay kounye a nan Konte Miami-Dade oswa se yon ofisyèl Konte nonmen oswa eli.

Yo ap kontakte ou ak mèt kay ou a pa imèl oswa pa telefòn si yo chwazi w pou asistans pou lwaye nan kad ERAP 2.4. Asistans ou an nan men ERAP 2.4 pral jwenn mèt kay oua dirèkteman pa lapòs.

Konte Miami-Dade ap chèche fè pwosè kont ou nan mezi lalwa pèmèt sa epi fè lòt aksyon pou rebran tout fon yo si ou bay fo enfòmasyon sou aplikasyon ou an, aksepte ak tout konesans fon ou pa gen dwa a yo, oswa eseye yon lòt jan vòlè oswaabize ERAP 2.4.

Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè (Public Housing & Community Development)– Konte Miami-Dade pa fè diskriminasyon baze sou ni ras, sèks, koulè, relijyon, sitiyasyonmatrimonyal, orijin nasyonal, laj, gwosès, andikap, orijin zansèt, oryantasyon seksyèl nanbay aksè, admisyon, oswa travay nan pwogram oswa aktivite lojman.

Si mèt kay ou pa dakò patisipe, yo pral eksplòre yon lòt opsyon.

Miami-Dade County ERAP 2.4 Aplikasyon



Tanpri ranpli kesyon sa yo

(Tanpri ekri an lèt detache klè sou chak paj)

Prenon: _____

Dezyèm prenon: _____

Non Fanmi: _____

Sèks (Pa obligatwa): _____ Fi _____ Gason

Nimewo Sekirite Sosyal (Pa obligatwa): _____

Dat Ou Fèt: _____

Ras (Pa obligatwa): _____

Etnisite (Pa obligatwa): _____

Nimewo Telefòn: _____

Adrès imèl: _____

Miami-Dade County ERAP 2.4 Aplikasyon



(Tanpri ekri an lèt detache klè sou chak paj)

Konbyen manm fanmi (SAN konte tèt ou) ki pral sou aplikasyon sa a?
(*tanpri make yon sèl*)

___ 0 manm fanmi

___ 1 manm fanmi

___ 2 manm fanmi

___ 3 manm fanmi

___ 4 manm fanmi

___ 5 manm fanmi

___ 6 manm fanmi

Adrès: _____

Suit/Apatman: _____

Vil: _____

Eta: _____

Zipkòd: _____

Miami-Dade County ERAP 2.4 Aplikasyon

Enfòmasyon sou Fanmi an: Mete tout moun ki rete nan kay la (Tanpri ekri an lèt detache klè sou chak paj)							
Manm Fanmi an	Non Konplè	Sèks (pa obligatwa)	Sa Li ye pou Chèf Fanmi an	Nimewo Sekirite Sosyal (pa obligatwa)	Dat Nesans	Ras (Pa obligatwa)	Etnisite (Pa obligatwa)
1	CHÈF FANMI AN						
2							
3							
4							
5							
6							
7							
8							

Kòd Relasyon:

H = chèf fanmi an
 S = mari/madanm
 K = ko-chèf
 Y = lòt timoun ki gen mwens pase 18 an
 E = etidyan tout jounen 18+
 L = live-in aide
 A = lòt granmoun

Kòd ras:

1 = Blan
 2 = Nwa/Afwo-Ameriken
 3 = Endyen Ameriken/Natif Natal Alaska
 5 = Awayen Natif Natal/Lòt Moun Zil Pasifik

Kòd etnisite:

1 = Ispanik oswa Latino
 2 = Pa Ispanik ni Latino

Miami-Dade County ERAP 2.4 Aplikasyon

Enfòmasyon sou revni ak aktif (Tanpri ekri an lèt detache klè sou chak paj)				
Manm Fanmi an	Non Konplè	Kalite Revni oswa Aktif	Sous Revni an Nan men kiyès ou resevwa revni an?)	Montan Revni an pa Mwa
1				
2				
3				
4				
5				
6				
7				
8				

Kòd Revni:

Salè

B = Biznis pa w
 F = Salè federal
 HA = Salè PHA
 M = Salè militè
 W = Salè

SS/SSI/Pansyon

P = Pansyon
 S = SSI
 SS = Sekirite Sosyal

Byennèt Sosyal

TANF = Assistans tanp. pou fanmi ki nan bezwen
 GA = Asistans jeneral

Lòt Sous Revni:

C = Soutnans pou timoun
 E = Ranbousman depans medika
 I – Fon pou Endyen/per capita
 N =Sous ki pa salè
 U = Endanmnite chomaj
 O= Lòt

Miami-Dade County ERAP 2.4 Aplikasyon

La Enfòmasyon sou Mèt Kay la (Tanpri ekri an lèt detache klè sou chak paj)

Kesyon ki annapre yo se sou mèt kote w rete a. Enfòmasyon sa yo nesesè pou Peman Asistans Dijans pou Lwaye pral fèt dirèkteman bay mèt kote w rete a pou li aplike yo sou kont ou a. Kòm kandida, ou ap gen pou kontakte mèt kote w rete a. Tanpri fè mèt kote w rete a ranpli yon fòm taks W-9 epi remèt li ba ou. Nou pap konsidere aplikasyon ou an si w pa telechaje tout dokimantasyon nou egzije a lè w ap fè aplikasyon lan sou entènèt. (Si mèt kay ou pa dakò patisipe, yo pral diskite yon lòt opsyon avèk ou). Ou ap jwenn fòm W-9 obligatwa a nan dosye aplikasyon sa a.

Kijan mèt kote w rete a rele? _____

Ki nimewo telefòn mèt kote w rete a? _____

Ki adrès imèl mèt kote w rete a?

Ki adrès reyèl mèt kote w rete a?

Konbyen w peye pa mwa pou lwaye kounye a? _____

Konbyen kòb lwaye ou genyen ki an reta? _____

Èske gen moun lakay ou ki pap travay? ____Wi ____Non

Si se wi, ki dat chomaj la te kòmanse? _____

Èske w te resevwa papyè degèpisman tribinal?
____Wi ____Non

Èske w te resevwa yon Òdonans Posesyon pou pwopriyete ou lwe kounye a?
____Wi ____Non

Miami-Dade County ERAP 2.4 Aplikasyon

Eske ou menm ou byin fanmil ou (mari ou oswa madanm ou, mesie madanm kap viv ansamb yo, paran, belfi, bofis, ti moun) ap travay pou Miami Dade, eske moun sa yo choisi ou byin elu ofisyel?

_____Wi _____Non

Èske w ap chèche asistans pou demenajman paske ou te oblije kite lakay swa akòz mové kondisyon kay la swa akòz yo te mete w deyo? _____Wi _____ Non

Èske w ap chèche asistans pou peye dèt oswa koneksyon youn nan sèvis itilite sa yo: elektrik, gaz, dlo / egou, fatra, entènèt? _____

_____Wi _____ Non

Miami-Dade County ERAP 2.4 Aplikasyon

Kesyon Sètifikasyon pou Pwogram

Tanpri ranpli kesyon ki annapre yo

Mwen sètifye mwen gen yon kontra lwaye kounye a andedan fwontyè Konte Miami-Dade

Wi Non

Mwen sètifye mwen pa kapab peye tout lwaye mwen pou yon rediksyon nan revni m akòz patwon mwen oswa sous revni mwen redui kantite lè travay mwen, revoke nan pèsonèl la, fè rediksyon nan mendèv biznis la, oswa fè lòt aksyon pandan oswa akòz pou COVID- 19.

Wi Non

Mwen sètifye kounye a mwen PAP resevwa asistans gouvènman pou ede peye lwaye mwen. (egzanp: pwogram Sibvansyon pou Chwa Lojman (Housing Choice Voucher) (Seksyon 8), VASH, FUP, Mainstream, Seksyon 8 baze sou Pwojè (Project-based Section 8), HOME-TBRA, Continuum of Care, Lojman Piblik (Public Housing)).

Wi Non

Mwen konprann mwen ap fè aplikasyon Asistans Dijans pou Lwaye nan men Konte Miami-Dade. Mwen sètifye devan Konte Miami-Dade mwen kalifye pou resevwa fon Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye 2.4 (ERAP 2.4) epi mwen konprann direktiv yo pou pwogram nan. Mwen konprann tou Konte Miami-Dade ap chèche fè pwojè kont mwen nan mezi lalwa pèmèt sa epi fè lòt aksyon pou rebran tout fon yo ak tout penalite si mwen bay fo enfòmasyon sou aplikasyon mwen an, aksepte ak tout konesans fon mwen pa gen dwa a yo, oswa eseye yon lòt jan vòlè oswa abize pwogram ERAP 2.3 a.

Wi Non

Mwen konprann mwen dwe bay nan limit sa posib, tout dokiman verifikasyon mwen yo si jesyonè ka a kontakte mwen pou yo konsidere aplikasyon asistans mwen an.

Yes No